

**Lis Verifikasyon pou Aplikasyon Asistans Finansyè  
pou Pwopriyetè Kay Depatman Devlopman Katye  
(Department of Neighborhood Development)  
Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)**

Mèsi pou enterè ou nan Sant Akèy Boston an. Pi ba a w ap jwenn yon lis dokiman ou bezwen mete ansanm avèk aplikasyon w nan. Tanpri asire w ou mete tout dokiman egzijib ki nan lis la.

Lè aplikasyon w nan konplè avèk tout dokiman ki pi ba yo, tanpri voye yo pa lapòs nan:

**The Boston Home Center  
Attn: Homeowner Assistance  
Programs 26 Central Ave  
Hyde Park, MA 02136**

Kou nou resevwa pake sa a, n ap voye yon notifikasyon alekri ba ou sou estati aplikasyon w nan.

**DOKIMAN EGZIJIB POU TOUT MOUN K AP APLIKE YO:**

1. Aplikasyon pou Pwogram nan ki Konplete epi Siyen. Ou dwe mete tout pwopriyetè yo nan aplikasyon an.
2. Dokiman Divilgasyon Pwogram nan ki ranpli epi siyen
3. Kopi Ak ki Anrejistre a (yo rele tou yon “Ak Renonsiyasyon Dwa”, “Ak Garanti”, oswa “Sètifika Tit”). Ou kapab jwenn yon kopi nan Edward Brook Courthouse - Registry of Deeds, 24 New Chardon Street, Boston, oswa ale sou [www.suffolkdeeds.com](http://www.suffolkdeeds.com).
4. Si sa nesèsè, yon Ak Desè orijinal pou tout moun mouri ki nan lis ak anrejistre a (si yo pa anrejistre l nan Rejis Ak nan Suffolk la). Ou kapab jwenn yon Ak Desè nan Registry of Births, Deaths, and Marriages, City Hall, Room 213, Boston, MA, 02201
5. Kopi Polis Asirans Aktyèl Pwopriyetè Kay la. Si kay la nan yon zòn yo idantifye kòm zòn inondasyon, yon dokimantasyon sou pwoteksyon asirans obligatwa.
6. Kopi Deklarasyon Taks Federal ki siyen e ki pi resan an, avèk ladan Fòmilè W-2 yo ak tout Anèks yo. (Fòmilè IRS 1040, 1040A, oswa 1040EZ) pou tout pwopriyetè yo. Si ou se yon Travayè Endepandan, bay yon Deklarasyon Pèt ak Pwofi pou ane a jiska dat ke ou menm ak kontab ou a siyen, ak kopi Deklarasyon Taks Federal pou de (2) dènye ane yo.

**Lis Verifikasyon pou Aplikasyon Asistans Finansyè  
pou Pwopriyetè Kay Depatman Devlopman Katye  
(Department of Neighborhood Development)  
Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)**

7. De (2) souch chèk pewòl aktyèl pou tout moun nan kay la ki genyen 18 lane oswa plis, ak/oswa prèv revni ki soti nan tout lòt souso tankou Lèt Atribisyon Sekirite Sosyal, Konpansasyon pou Chomaj, Pansyon, elatriye.\*
8. Relve pou Prè Ipotekè aktyèl pou tout prè imobilye, ki gen ladan yo nenpòt prè patisipatif oswa prè pou renovasyon. Mete ladan yon lèt eksplikasyon pou itilizasyon prè patisipatif la.
9. Kopi relve kont epay, kont chèk ak lòt kont ki pi resan yo ki soti nan tout enstitisyon depozitè yo (tankou 401K yo, aksyon yo, obligasyon yo, kooperativ kredi yo, eksetera) pou tout pwopriyetè yo
10. Bay de (2) estimasyon ki sòti nan men antreprenè ki genyen lisans pou reparasyon kay ou a (yo). Tanpri ajoute yon kopi dokiman sa yo pou antreprenè ou chwazi a: Sètifika Anrejistremant Antreprenè pou Gwo Renovasyon Kay (HIC), Lisans Sipèvizè Konstriksyon (CSL), Lisans pou Gwo Renovasyon San Danje ki Lye ak Plon oswa Sètifika Renovatè EPA, ak Asirans Responsabilite Sivil Antreprenè

*\*Pou tout mounki genyen plis pase 18 lane. Si moun nan (yo) pap travay, yo dwe bay kopi kanè lekòl oswa eksplikasyon sou sikonstans yo ak yon Afidavit ki deklare Pa Gen Revni.*

*Yo kapab mande moun k ap aplike a enfòmasyon finansyè anplis. Ou dwe bay Vil Boston an tout enfòmasyon yo mande yo.*

**Remak:** Ekri nenpòt enfòmasyon adisyonèl ou panse nou ta dwe konnen pou nou trete aplikasyon w nan.

---

---

# APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY

*Sant Akéy Boston (The Boston Home Center)*  
Depatman Devlopman Katye  
(Department of Neighborhood Development)

Tanpri tcheke ti kare akote pwogram espesifik w ap aplike pou li a:

- HomeWorks HELP
- Senior Home Repair
- Lead Safe Boston
- Pwogram ADU

## I. Enfòmasyon sou Aplikan an

**Aplikan an:** \_\_\_\_\_  
Non Inisyal Dezyèm Prenon Siyati

**Nimewo Sekirite Sosyal:** \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

**Adrès:** \_\_\_\_\_  
Ri Vil Eta Kòd Postal

**Telefòn:** \_\_\_\_\_  
Kay Selilè Travay

**Sitwayen Ameriken?**

- Wi  Non

**Rezidan?**

- Wi  Non

**Ko-Aplikan an:** \_\_\_\_\_  
Non Inisyal Dezyèm Prenon Siyati

**Nimewo Sekirite Sosyal:** \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

**Adrès:** \_\_\_\_\_  
Ri Vil Eta Kòd Postal

**Phone:** \_\_\_\_\_  
Kay Selilè Travay

# APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY

## Sant Akéy Boston (The Boston Home Center)

### Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

**Sitwayen Ameriken?**

Wi

Non

**Rezidan?**

Wi

Non

## II. Enfòmasyon sou Revni Fwaye

Bay lis tout moun k ap viv nan pwopriyete a. Ou dwe bay revni pou tout moun nan kay la ki genyen plis pase 18 lane.

Non Moun nan Kay la	Dat de Nesans	Relasyon avèk Aplikan an	Revni Anyèl Anvan Taks**
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____

**Kantite total moun ki nan kay la:** \_\_\_\_\_

*\*\* Sous revni yo genyen salè, lè siplemanchè, bonis, komisyon, prestasyon sekirite sosyal/retrèt, alokasyon chomaj, revni dividand/enterè, prestasyon sosyal, pansyon alimantè/pansyon alimantè pou timoun ak tout lòt revni.*

**Èske aplikan an te resevwa asistans finansyè nan men Depatman Devlopman Katye Vil Boston an nan lefase?**

Wi

No

Si wi, ki dat ou te resevwa asistans finansyè a?

\_\_\_\_\_

# APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

Kisa objektif asistans finansyè a te ye? \_\_\_\_\_

Ki adrès pwopriyete kote ou te resewa asistans finansyè a?  
\_\_\_\_\_

### III. Enfòmasyon sou Byen

Valè tout lòt imèb ou posede (ki pa kay prensipal la): \$ \_\_\_\_\_

Total kòb nan kont kouran ak epay: \$ \_\_\_\_\_

Èske ou vann nenpòt byen nan de (2) dènye ane yo pi ba pase jis pri mache a?  
 Wi  Non

### IV. Enfòmasyon sou Pwopriyete

**Tanpri tcheke kalite pwopriyete a:**

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Kay pou 1 Fanmi | <input type="checkbox"/> Kay pou 4 Fanmi |
| <input type="checkbox"/> Kay pou 2 Fanmi | <input type="checkbox"/> Kondominyòm     |
| <input type="checkbox"/> Kay pou 3 Fanmi |  |

**Tanpri bay detay sou reparasyon andedan ak deyò ki nesèsè yo:**

\_\_\_\_\_

**Enfòmasyon sou Lojman an Lokasyon (ranpli li sèlman si sa aplikab):**

Nimewo Lojman ki nan Lokasyon an	Vid? (Wi/Non)	Kantite Chanm	Non Lokatè	Lwaye Mansyèl
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____

# APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

Èske pwopriyete a bezwen travay pou yo retire plon?

Wi

Non

Si "Wi", èske yon timoun pi piti pase 6 lane ap viv oswa pral viv nan pwopriyete a?

Wi

Non

Si "Non", èske yon timoun pi piti pase 6 lane vini nan pwopriyete a sou yon baz regilyè?

Wi

Non

Si "Wi", konbyen èdtan pa semèn timoun lan pase/pral pase nan pwopriyete a?

---

## V. Enfòmasyon pou Maketing Afimatif

Tanpri ranpli seksyon sa a pou ede nou konplete egzijans maketing pozitif nou yo. Repons ou pa obligatwa e li pap afekte aplikasyon w nan.

Ras/Gwoup Etnik moun ki nan kay ou a (tcheke tout sa ki aplikab):

Endyen Ameriken/Natif

Natal Alaska

Azyatik

Nwa oswa Afwo-Ameriken

Natifnatal Awayi oswa lòt

Moun Zile Pasifik

Blan

Ispanik oswa Latino

Lòt:

---

Èske Aplikan an genyen yon andikap?

Wi

Non

Èske Aplikan an genyen plis pase 62 lane?

Wi

Non

Èske Aplikan an se yon Chè Fwaye Fanm?

Wi

Non

# APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

## VI. Siyen epi Mete Dat la

Mwen deklare sou pèn fo sèman enfòmasyon annapre yo egzak, presi, konplè epi fidèl nan tout sans. Mwen otorize, atravè dokiman sa a, pou Vil Boston verifye defason endepandan enfòmasyon ki bay la yo. Mwen sètifye mwen li Divilgasyon Pwogram lan epi mwen dakò avèk Tèm ak Kondisyon pwogram sa a. Mwen konprann ke selon Lwa Fo Deklarasyon (False Claims Act), 31 U.S.C. §§3279-3733 la, moun ki konnen yo soumèt ak tout konsyans yo, oswa yo lakòz lòt moun oswa antite soumèt fo reklamasyon pou peman ki soti nan fon gouvènman, moun sa yo responsab pou twa fwa lavalè domaj gouvènman an plis sanksyon sivil pou chak fo reklamasyon.

\_\_\_\_\_

*Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)*

\_\_\_\_\_

*Siyati Aplikasyon an*

\_\_\_\_\_

*Dat*

\_\_\_\_\_

*Ko-Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)*

\_\_\_\_\_

*Siyati Ko-Aplikasyon an*

\_\_\_\_\_

*Dat*

- Lè mwen tcheke ti kare sa a, mwen konnen lè mwen tape non mwen, li ranplase ofisyèlman siyati m sou dokiman sa a.*

**Divilgasyon Pwogram  
Prè sou Valè Kay HomeWorks (Home Equity Loan Program, HELP)**

**Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood  
Development)  
Sant Akèy Boston (Boston Home Center)**

Pwogram Prè sou Valè Kay HomeWorks (HELP) Sant Akèy Boston (Boston Home Center) a ede pwopriyetè kay nan Vil Boston yo kontoune pèt valè kay yo sou mache lojman aktyèl la epi founi yo yon altènativ abòdab pou finanse reparasyon nesèsè nan kay yo epi fè pwomosyon re-estatisman vizib nan katye Boston yo. Pwogram la depann de disponibilite finansman.

**EGZIJANS POU ELIJIBILITE**

**Pou kalifye pou HomeWorks HELP, ou dwe satisfè TOUT kritè sa yo:**

- Ou dwe se pwopriyetè yon pwopriyete pou 1 a 4 fanmi, ladan lojman kondominyòm ak asosyasyon kondominyòm (jiska 6 inite sèlman), k ap fè reparasyon nan espas komen yo;
- Revni Anyèl Maksimòm Fwaye a pa kapab plis pase 135% Revni Medyàn Rejyonal (Area Median Income, AMI) la jan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) detèmine sa selon dimansyon fwaye a. (Gade tablo pi ba a);
- Pwopriyetè ki genyen yon revni maksimòm fwaye pi ba pase 120% AMI a jan HUD detèmine sa pou yo kalifye pou yon prè Vil la jiska 50% kou a (jiska limit maksimòm prè a) pou reparasyon apwouve yo a epi dwe bay fon kontrepati 50% oswa yon kontrepati 1 dola pou 1 dola (1:1) avèk fon pa yo oswa avèk yon prè labank. Ou kapab jwenn limit revni aktyèl yo la a.
- Genyen mwen pase \$75,000 kòm byen finansye. Tout byen, swa lajan kash, aksyon nan imèb ki pa imèb prensipal, fon investisman, oswa nenpòt lòt bagay ki genyen valè, pral rantre nan kalkil byen yo. Sèl eksepsyon yo se rezidans prensipal mèt kay la, fon retrèt gouvènman an apwouve ak plan epay pou kolèj. Si yon byen nesèsè kòm sous prensipal revni pwopriyetè a, tankou yon biznis li posede, kèk oswa tout byen an gen dwa egzante nan kalkil la, men sèlman jiska nivo nesèsè pou kenbe sous revni pwopriyetè a;



- Ou dwe ajou avèk tout dèt Vil Boston ak pwopriyete a, ladan taks pwopriyete yo ak fakti dlo;
- Ou dwe ajou avèk tout peman ipotèk ak asirans pwopriyete a;
- Ou pa t dwe resevwa asistans finansyè pou reparasyon kay nan men nenpòt pwogram Vil Boston nan 10 dènye ane yo, sòf fon pou retire plon nan kay.

## **KONDISYON JENERAL**

- Revni fwaye Pwopriyete kay la founi a genyen ladan tout moun ki rete nan lojman kote mèt kay la ap viv epi genyen ladan tout sous revni moun nan kay la ki sòti nan tout sous (revni taksab ak revni ki pa taksab), ladan, men pa sèlman sa yo: benefis, lè siplemantè, alokasyon IRA, travay a tan pasyèl, prim, dividand, enterè, rant, pansyon, konpansasyon Administrasyon Ansyen Konbatan (Veterans Administration, VA), revni lwaye ak kontra lokasyon anvan taks, komisyon, revni difere, èd sosyal, prestasyon sekirite sosyal, peman pou andikape, pansyon alimantè, peman sipò, èd piblik, konje maladi, konpansasyon chomaj, ak revni ki sòti nan fidisi, aktivite komèsyal ak envestisman.
- Prè a pa genyen peman mansyèl epi pwopriyete a pa dwe toutotan li pa demenaje, vann, oswa transfere dwa pwopriyete byen yo a, oswa pa pran yon refinansman avèk retrè lajan pou kay la. Prè Vil la garanti pa yon Ipotèk ak yon Biyè a òd. Ipotèk la se pral yon privilèj sou byen an epi li ap anrejistre nan Registry of Deeds Suffolk Commonwealth of Massachusetts la.
- Responsablite avoka pou moun ki gen ipotèk la se pou l pwoteje enterè moun ki gen ipotèk la.
- Moun k ap bay ipotèk la, ki responsab depans yo, anboche yon avoka yo chwazi pou reprezante enterè yo nan tranzaksyon an.
- Anvan li resevwa asistans finansyè, yo pral mande Mèt kay la pou li siyen Tèm ak Kondisyon, Biyè a òd, Ipotèk yon pwogram, epi dokiman ki genyen rapò avèk prè a.
- Omwen yon tyè (1/3) nan prè fon Vil la ta dwe sèvi pou reparasyon deyò kay la ki vizib apati lari a.

- Pwopriyetè kay la pral pèmèt yon reprezantan Divizyon DND Boston Home Center egzamine epi enspekte andedan ak deyò estrikti a, ladan tout inite lojman yo.
- Pwopriyetè kay la pral resevwa asistans teknik gratis avèk revizyon devi kou antreprenè pwopriyetè a te chwazi epi enspeksyon lè pwojè a fini a pou asirans kalite. Pwopriyetè kay yo dwe bay de (2) devi ekri ki sòti nan men antreprenè ki anrejistre, sètifye, genyen lisans epi asire.
- Jan yon Espesyalis Konstriksyon DND ap idantifye sa, tout reparasyon ijan ak pou rezon sante ak sekirite dwe fèt anvan yo finanse nenpòt lòt kalite reparasyon.
- Finansman pou diminye penti avèk plon gen dwa vini anplis prè HomeWorks HELP Vil la pou mèt kay ki kalifye selon revni yo ki genyen timoun pi piti pase 6 lane nan kay la. Tout pwopriyete kote yon timoun pi piti pase 6 lane ap viv dwe respekte règleman Depatman Sante Piblik Massachussetts (Massachusetts Department of Public Health) tabli nan 105 CMR 460.000 la "Prevansyon ak Kontwòl Anpwazònman Plon" ("Lead Poisoning Prevention and Control").
- Reparasyon deyò ki ta kalifye pou egzijans 1/3 a genyen ladan, men pa sèlman sa yo: penti, reparasyon mi deyò an bwa ak vinil, masònri, fenèt, antre kay, ak twati.
- Reparasyon andedan genyen ladan men pa sèlman sa yo: kwizin, twalèt, koulwa, chanm, planche, mi, ak plafon, sistèm chofaj, amelyorasyon elektrik ak plonbri, amelyorasyon pou konsèvasyon tanperati ak enèji epi rann sousòl enpèmeyab.
- Fon Vil la pa kapab sèvi pou reparasyon sa yo, ladan, men pa sèlman sa yo: aparèy elektwomenaje, finisyon ak enfrastrikti liksyè, tankou kontwa granit, basen avèk jè dlo, ale ak anviwònman lakou, mi soutènman; ajou ladan finisyon espas sousòl ak grenye.
- Reparasyon kay yo dwe respekte tout direktiv ak règleman aplikab parapò avèk kay ak katye ki nan lis nan Rejis Nasyonal Sit Istorik (National Register of Historic Places), oswa Komisyon Istorik Eta a oswa Komisyon Katye Istorik Vil Boston an deziyen kòm yon Katye Istorik (Landmark District).

- Pwopriyetè kay yo sètifye ni yo, ni okenn nan moun nan fanmi imedya yo, pa pou kounye a oswa pa t nan 12 dènye mwa sa yo, yon anplwaye, ajan, konsiltan, ofisye oswa eli nonmen nan
- Depatman Devlopman Katye Vil Boston an. Pou bezwen divilgasyon sa a "moun nan fanmi imedya" genyen ladan paran, mari/madanm, sè/frè, oswa timoun, kèlkeswa kote yo abite.
- Pwopriyetè kay la pa t dwe kondane pou tizonmay lokatè, oswa yo te jije pou vyolyasyon Lwa sou Lojman Ekitab (Fair Housing Laws) yo.
- Pwopriyetè kay la pa dwe nan moman an yon defansè nan yon plent kriminèl nan Tribinal Lojman, oswa nan medyasyon avèk Komisyon Lojman Ekitab Boston oswa Komisyon Kont Diskriminasyon Massachussetts (Massachusetts Commission Against Discrimination ) la.
- Pwopriyetè kay la pa dwe nan moman an yon pati nan okenn pwosedi annatant nan yon ka fayit. Si Pwopriyetè kay la te yon pati nan yon pwosedi fayit nan lefase, pwosedi sa a dwe fèmen oswa anile pa yon òd Tribinal Fayit epi nenpòt peryòd apèl aplikab dwe gentan ekspire.
- Pwopriyetè kay la dakò pale avèk laprès si yo mande sa, epi pou patisipe nan evènman laprès ak/oswa lòt piblisite ki genyen rapò avèk pwomosyon an ak/oswa repòtaj sou benefis pwogram reyabilitasyon an.
- Pwopriyetè kay la dakò pou yo plase yon ansèy ki di Depatman Devlopman Katye a ap reyabilite pwopriyete a epi panno sa a dwe rete pandan tout tan peryòd konstriksyon an epi 30 jou annapre.
- Yo pa dwe transfòme pwopriyete yo an kondominyòm pandan yon peryòd dis (10) lane apre konstriksyon an fini.
- Pwopriyetè kay la dakò lokatè ki la yo pa dwe deplase akòz travay reyabilitasyon ki ap fèt atravè Pwogram nan.

## ODIT

Mwen konprann, etan yon Benefisyè pwogram nan, DND gen dwa detanzantan fè pwosedi odit atravè yon echantiyon pwojè pa aza pou respekte direktiv Vil, Eta ak Federal yo, mwen dakò pou kolabore nèt avèk yon odit/ankèt sou pwopriyete a si sa nesesè.

## AVI SOU NON-RESPONSABILITE

HomeWorks HELP se yon pwogram prè ki pèmèt pwopriyetè kay yo fè reparasyon kay yo te chwazi fè yo. Vil la pa yon pati nan kontra ant pwopriyetè kay la avèk antreprenè a. HomeWorks HELP pa bay okenn dwa avèk antreprenè, moun ak antite tyès ki pa yon pati nan akò prè sa a.

Pwopriyetè kay la sètifye li konprann tout kondisyon jeneral ki anlè la yo epi tout enfòmasyon Pwopriyetè kay la bay yo, li bay yo pou l jwenn yon prè asistans pou lojman ak asistans teknik nan men Vil Boston an, epi enfòmasyon sa yo vre epi konplè selon konsyans ak konviksyon Pwopriyetè kay la. Tout fo deklarasyon entansyonèl sou tout bagay enpòtan ki gen rapò ak pwogram sa a ka antrene yon refi benefis yo oswa yon ranbouseman bay Vil la pou tout benefis li te deja akòde nan kad Pwogram nan. Fo deklarasyon sa a se yon vyolyasyon lwa Federal ak Eta a.

Siyen sou pèn fo temwayaj,

---

**Pwopriyetè Kay/Aplikasyon an (Siyati)**

---

**Pwopriyetè Kay/Ko-Aplikasyon an (Siyati)**

---

**Pwopriyetè Kay/Aplikasyon an lèt (Ekri an lèt detache)**

---

**Pwopriyetè Kay/Aplikasyon an (Ekri an detache)**

---

**Dat**

---

**Dat**